

BAB III

CARANING PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kagolong jinising panaliten kajian *dokumen* utawi kajian *literature*. Panaliten kajian *dokumen* utawi kajian *literature* menika ngandharaken nalaring pikir asiling *analisis dokumen* utawi *literatur* ngengingi satunggalipun bab utawi topik kajian. Panaliten menika ngewrat satunggaling bab ingkang ngewrat gagasan-gagasan utawi *proposisi* ingkang sesambetan satunggal kaliyan sanesipun. Gagasan utawi *proposisi* menika kedah dipunsengkuyung dening *data* ingkang kapanggihaken saking sumber pustaka.

Sumber bahan kajian saged arupi *artefak, jurnal* panaliten, *disertasi, tesis, skripsi, laporan* panaliten, buku *teks, makalah*, laporan *seminar, diskusi ilmiah, internet* utawi *dokumen-dokumen* ingkang dipunterbitaken kanthi resmi dening pamarentah utawi lembaga-lembaga sanesipun. *Dokumen* utawi bahan-bahan pustaka menika kedah dipunwatesi kanthi *kritis* saha langkung lebet kangge penyengkuyung gagasan utawi *proposisi* amrih ngasilaken dudutan saha panyaruwe.

Data panaliten menika inggih menika kalebet jinisipun data *kualitatif*. Data kualitatif menika tegesipun data ingkang awujud tetembungan, ukara, frasa lan sapiturutipun.. Data kualitatif (tetembungan) menika kapanggihaken wonten ing *novel Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparto Brata.

Metode kang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika metode *analisis deskriptif*. Metode analisis deskriptif menika tegesipun data ingkang wonten sampun kapanggihaken menika lajeng dipunandharaken menapa wontenipun. Panaliten *Kualitatif* ingkang sipatipun *deskriptif* analisis dipunlampahi kanthi cara ngandharaken fakta-fakta ingkang salajengipun dipunanalisis (Ratna, 2006:53).

Jinis panaliten menika dipunpendhet amargi panaliti badhe ngandharaken perkawis-perkawis mliginipun bab katresnan ingkang wonten ing *novel Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparto Brata. Metode *deskriptif* menika dipunginakaken kangge ngrembag perkawis wonten ing *novel* kanthi cara ngempalaken *data*, nyusun, dipun-*klasifikasi* lajeng dipun-*interpretasi*.

B. Setting Panaliten

Panaliten menika kalampahan ing Yogyakarta. Awit saking panaliten menika kalebet jinising panaliten kajian *dokumen* utawi kajian *literature* mangka panaliten menika saged kalaksanan wonten ing perpustakaan ing saindhenging kitha Yogyakarta.

Panaliten menika kalaksanan rikala taun 2017 dumugi 2019. Mliginipun anggenipun miwiwiti ngempalaken data panaliten ing sasi Oktober warsa 2017 dumugi ramungipun anggening alih aksara, *suntingan*, tarjamahan, saha *analisis* wosing *teks* ing sasi Mei 2019.

C. Sumbering Data

Sumber data ing panaliten menika inggih menika *novel Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparto Brata. Data wonten ing panaliten inggih menika arupi tembung, frase, ukara, paragraf, dumugi wacana ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *representasi* katresnan ing novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparto Brata. Data wonten ing panaliten menika dipunanalisis supados saget ngasilaken andharan ingkang trep miturut *kriteria-kriteria* ingkang dipuntetepaken wonten ing panaliten.

Novel Katresnan kang Angker menika dipunanggit dening Peni. Peni menika sandi asmanipun Suparto Brata. Novel menika dipunterbitaken dening penerbit Almatara rikala taun 2014. Penerbit almatara menggen wonten ing Yogyakarta. Cacahipun kaca wonten viii + 102. Ukuranipun kertas 14,5 cm x 21 cm. ISSN 978-602-777-806-1.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *teknik* maos saha nyerat. *Teknik* pamaosan dipunlampahi panaliti kanthi cara maos *novel Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparto Brata kanthi tliti lan dipunombal-ambali malih supados kapanggihaken *data-data* ingkang dipunkajengaken. Data ingkang dipunkajengaken inggih menika *data* ingkang wonten sesambetanipun kaliyan *representasi* katresnan. Bab kasebut dipunlampahi supados pikantuk data ingkang valid. Cara anggenipun identifikasi *representasi* katresnan wonten ing *novel*

Katresnan kang Angker anggitanipun Suparto Brata inggih menika kanthi ngelimbang kriteria *representasi* tresna.

Teknik panyeratan ingkang dipunlampahi inggih menika ngginakaken kartu data. Panyeratan kanthi ancas nyerat data-data ingkang wonten sesambetanipun kaliyan pratelan katresnan. Panyerat kedah gadah kawruh bab pratelan katresnan sahingga saget mbedakaken antawis *data* ingkang *relevan* lan *data* ingkang mboten *relevan*. *Data* ingkang *relevan* inggih menika data ingkang miturut fokus panaliten. *Data-data* ingkang *relevan* menika ingkang kedah dipunserat. Sasampunipun *data* dipunserat sedaya dipunlajengaken kanthi damel *klasifikasi data* miturut perkawis ingkang dipunrembag, sahingga sasampunipun data kasebut kasusun saget dipun-*analisis*.

E. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika piranti kang dipunginakaken kangge pados data. Piranti utama ing panaliten inggih menika *kartu data*. Panaliti dipunbiyantu ngginakaken piranti arupi *kartu data*. *Kartu data* menika kangge nyerat sedaya data ingkang wonten sesambetanipun kaliyan perkawis ingkang badhe dipunrembag. Panyerat kanthi kawruh bab interpretasi katresnan nindakaken pangempalan data miturut menapa ingkang dipunteliti, damel klasifikasi, damel tafsiran data lan damel dudutan awit sedayanipun.

Wontena kartu data ingkang kaginakaken wonten ing panaliten inggih menika kados ing ngandhap menika.

Tabel 1.
Kartu Data Representasi Katresnan wonten ing Novel Katresnan kang Angker
 Anggitanipun Suparto Brata.

No.	Data	Klasifikasi					Katrangan
		Cinta Persaudaraan	Cinta Keibuan	Cinta Erotis	Cinta Diri Sendiri	Cinta Dhumateng Pangeran	

F. Caranipun Analisis Data

Caranipun analisis data ing panaliten menika ngginakaken pendekatan *sosioantropologi* sastra. *Sosioantropologi* sastra menika ngrembag bab persepsi paraga dhateng prastawa-prastawa ingkang wonten ing masarakat karya sastra. Fokusipun persepsi paraga inggih menika representasi utawi ekspresi katresnan ingkang dipunungkapaken kaliyan paraga-paraga wonten ing novel menika.

Cara anggenipun mengertosi kalebet wonten ing klasifikasi representasi katresnan menika menaa boten, satunggalipun teks menika kedah dipunwaos. Anggenipun maos teks menika kanthi cara heuristik kaliyan hermeneutik.

Cara pamaosing teks mawi heuristik inggih menika kanthi dipunwaos ssatunggal tembung mbaka satungga tembung. Dipunmangertosi tegesipun seratan manut saking tegesipun tetembungan ingkang wonten ing seratan menika. Awit saking menika panaliti kedah mangertos tegesipun saben-saben tembung ing seratan menika.

Bilih cara pamaosing seratan kanthi hermeneutik inggih menika dipunjumbuhaken kaliyan konteksipun. Konteks seratan ingkang dipunkajengaken inggih menika tuladhanipun satunggaling ukara nembe saged dipunmangertosi tegesipun manawi sampun kawaos sedaya satunggal paragraf. Utawi langkung-langkung wonten satunggalipun frasa utawi tembung ingkang nembe saged dipunmangertosi tegesipun sasampunipun sedaya cariyos rampung dipunwaos.

Sasampunipun data dipunkempalaken lajeng dipunserat ing kartu data, data dipunanalisis kanthi ngginakaken pendekatan sosioantropologi sastra. Peranganing sosioantropologi sastra ingkang kaginakaken kangge analisis data inggih menika kajumbuhaken kaliyan *representasi katresnan*.

Saking proses menika sampun badhe kaasilaken identifikasi data. Identifikasi data dipuntindakaken kanthi paring tandha ing sedaya data ingkang sampun makempal miturut kriteria ingkang sampun dipuntemtokaken inggih menika bab representasi katresnan lajeng dipungayutaken representasi katresnan kaliyan perkawis sosial ing novel.

Tataran salajengipun inggih menika paring pamanggih utawi analisis data ingkang sampun dipun-klasifikasi miturut interpretasi kawruh basa panyerat miturut kajian teori. Pungkasanipun inggih menika damel dudutan bab *representasi katresnan* ing novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparto Brata.

G. Keabsahan Data

Teknik validitas dipunginakaken kangge mbiji sae mbotenipun teknik analisis ingkang dipunginakaken ing panaliten nalika kangge ngandharaken informasi ingkang wonten ing data kasebut. *Teknik validitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *teknik triangulasi*. *Triangulasi* ing panaliten menika ngginakaken *triangulasi teori*. *Triangulasi teori* inggih menika ngginakaken mapinten-pinten *teori* ingkang beda kangge mangertosi bilih data ingkang dipunkempalaken sampun kados ingkang dipunkajengaken inggih menika miturut syarat *representasi* katresnan.

Reliabilitas dipuntindakaken kanthi nguji data kanthi teliti ingkang wonten ing subjek panaliten. Reliabilitas kang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika reliabilitas *intrarater* kaliyan *interrater*. *Teknik reliabilitas intrarater* inggih menika kanthi cara nindakaken panaliten ingkang dipunambali, saengga pikantuk data ingkang ajeg. *Teknik reliabilitas interrater* inggih menika kanthi cara panyerat nindakaken konsultasi bab asiling panaliten kaliyan tiyang ingkang langkung mangertosi babagan bidang ingkang dipunteliti. Panaliti ing panaliten menika nindakaken *konsultasi* kaliyan dosen pembimbingipun.